मंगलवार आकाशवाणी, पटना 04.06.2024

प्रादेशिक समाचार

शाम 06:25 बजे

मतगणना रूझान देश

अठारहम् लोकसभा चुनावक रूझाण आ परिणामक अनुसार एनडीए के पूर्ण बहुमत भेटय जा रहल अछि। एडीए के पूर्ण बहुमत भेटय जा रहल अछि। एनडीए दू सय चौरानवे सीट पर बढ़त बनौने अछि। भाजपा के दू सय एकतालीस सीट पर बढ़त प्राप्त अछि। ओतहि, इंडी गठबंधन दू सय तीन सीट पर आगां अछि। कांग्रेस के अंठानवे सीट पर बढ़त प्राप्त भऽ रहल अछि। आन के तैंतालीस सीट पर बढ़ल बनल अछि।

मतगणना रूझान बिहार

एम्हर, बिहार मे सभ चालीस संसदीय सीटक रूझान मे छओ सीट जीत कऽ एनडीए सताईस सीट पर आंगा अछि। इंडी गठबंधन नओ सीट पर बढ़त बनौने अछि। भाजपा के बारह सीट पर बढ़त बनल अछि, जखनकि जदयूक सेहो बारह उम्मीदवार अपन प्रतिद्वंदी आगां चलि रहल छथि। लोजपा रामविलास पांच मे पांचो सीट पर बढ़त बनौने अछि। राजद चारि, कांग्रेस एक सीट जीत कऽ भाकपा माले दू आओर निर्दलीय एक सीट पर बढ़त बनौने अछि।

चुनाव जीत बिहार

प्रदेश मे भेल लोकसभा चुनावक मतगणना मे अखन धरि गया संसदीय क्षेत्र सँ हम प्रत्याशी आ पूर्व मुख्यमंत्री जीतनराम मांझी चुनाव जीत गेल छथि। एम्हर, दरभंगा संसदीय क्षेत्र सँ भाजपा प्रत्याशी गोपालजी ठाकुर अपन प्रतिद्वंदी ललित कुमार यादव के एक लाख अठहत्तरि हजार सँ बेसी भोट सँ हरौलनि अछि। बाल्मीकिनगर सँ जदयू प्रत्याशी सुनील कुमार आ पश्चिम चंपारण सँ भाजपा प्रत्याशी

संजय जायसवाल सेहो जीत गेलाह अछि। कटिहार सँ कांग्रेसक प्रत्याशी तारिक अनवर जदयूक दुलालचंद गोस्वामी के परास्त कयलनि। शिवहर सँ जदयूक लवली आनंद राजदक रितू जायसवाल के परास्त कयलनि अछि। उजियारपुर सीट सँ केन्द्रीय मंत्री आ भाजपा प्रत्याशी नित्यानंद राय चुनाव जीत गेलाह अछि। ओ राजदक आलोक कुमार मेहता के हरौलनि अछि।

मतगणना

प्रदेशक चालीस सीट मे सँ कतेको क्षेत्रक उम्मीदवार निर्णायक बढ़त बनौने छथि। समस्तीपुर सँ लोजपा रामविलासक शांभवी चौधरी , सुपौल सँ जदयूक दिलेश्वर कामैत, पटना साहिब सँ भाजपाक रविशंकर प्रसाद, भागलपुर सँ जदयूक अजय कुमार मंडल हाजिपुर सँ चिराग पासवान आ बेगूसराय संसदीय क्षेत्र सँ भाजपाक गिरिराज सिंह पचास हजार सँ बेसी भोट सँ आंगा चलि रहल छथि। हिनका सभक जीत निश्चित अछि।

प्राप्त जनतबक अनुसार पटना साहिब सँ पूर्व केन्द्रीय मंत्री रविशंकर प्रसाद कांग्रेसक अंशुल अविजित सँ करीब पंचानवे हजार तीन सय छओ भोट सँ आगा चलि रहल छथि।

मतगणना–2

आरा संसदीय क्षेत्र सँ भाकपा मालेक सुदामा प्रसाद सैतीस हजार तीन सय पैंतालीस भोट सँ केन्द्रीय मंत्री आ भाजपा प्रत्याशी आर.के. सिंह के पछाड़ने छथि। पाटलिपुत्र सँ राजद उम्मीदवार मीसा भारती चालीस हजार सँ बेसी भोट सँ आंगा छथि। एहि सीट सँ भाजपा प्रत्याशी रामकृपाल यादव दोसर स्थान पर बनल छथि। मधुबनी मे भाजपाक अशोक कुमार यादव बासठि हजार चारि सय पचास भोट सँ आगाँ छथि। जखनकि राजद प्रत्याशी मोहम्मद अली अशरफ फातमी दोसर स्थान पर छथि। झंझारपुर मे जदयू प्रत्याशी रामप्रीत मंडल, वीआईपी प्रत्याशी सुमन कुमार महासेठ सँ अट्ठासी हजार सँ बेसी भोट सँ आगाँ छथि। बेगूसराय मे भाजपाक गिरिराज सिंह अपन निकटतम प्रत्याशी सीपीआईक अवधेष राय

सँ सत्तहरि हजार भोट सँ आगाँ छथि। भागलपुर मे जदयू अजय कुमार मंडल चौसठि हजार पाँच सय चौबीस आ गोपालगंज मे जदयूक आलोक कुमार सुमन एक लाख तेरह हजार भोट सँ बढ़त बनौने छल।

मतगणना–3

सीतामढ़ी मे जदयूक देवेशचन्द्र ठाकुर बादक मतगणना चक्र मे राजदक अर्जुन राय सँ एकतीस हजार सँ बेसी भोट सँ आगाँ भऽ गेलाह। सुपौल मे जदयूक दिलेश्वर कामत एक लाख बावन हजार सँ बेसी भोट सँ बढ़त बनौने छथि। पूर्णियां मे भेल त्रिकोणीय संघर्ष मेँ निर्दलीय पप्पू यादव आगाँ भँ गेल छथि। लोजपा रामविलासक पाँचों उम्मीदवार सभ जीत दिस अग्रसर छथि। समस्तीपुर मे शाम्भवी चौधरी एक लाख बत्तीस हजार, वैशाली मे वीणा देवी साठि हजार, हाजीपुर मे चिराग पासवान एक लाख छत्तीस हजार, खगड़िया मे राजेश वर्मा सत्तरि हजार आ जमुई मे अरूण भारती उनहत्तरि हजार सँ बेसी भोट सँ आगाँ चलि रहल छथि। सारण में भाजपा प्रत्याशी राजीव प्रताप रूढ़ी राजदक रोहिणी आचार्या सँ करीब दस हजार भोट सँ आगाँ चलि रहल छथि। सासाराम मे कांग्रेसक मनोज कुमार, सीवान मे जदयूक विजयलक्ष्मी देवी, आ मधेपुरा मे एहि पार्टीक दिनेशचन्द्र यादव बढ़त बनौने छथि।

मतगणना–4

जखनकि मुजफ्फरपुर मे भाजपाक राजभूषण चौधरी एक लाख बावन हजार भोट सँ बढ़त बनौने छल। ओतहि, महाराजगंज में भाजपाक जनार्दन सिंह सिग्रीवाल सेहो आगां चलि रहल छथि। जदयू राजीव रंजन सिंह, नालंदा मे कौशलेन्द्र कुमार अपन निकटतम प्रतिद्वंदी पर बढ़त बनौने छथि। ओतहि, नवादा मे भाजपाक विवेक ठाकुर, अररिया मे भाजपाक प्रदीप कुमार सिंह सेहो मतगणना मे आगाँ चलि रहल छथि। पूर्वी चंपारण मे भाजपाक प्रत्याशी राधामोहन सिंह सेहो लगातार बढ़त बनौने छथि। ओतहि, बांका

में जदयूक गिरिधारी यादव, औरंगाबाद मे राजदक अभय कुमार सिन्हा, काराकाट मे भाकपा मालेक राजाराम सिंह मतगणना मे आगाँ भऽ गेल छथि।

विधानसभा चुनाव

ओम्हर, अगिआंव विधानसभा उपचुनावक मतगणना मे भाकपा मालेक शिवप्रकाश रंजन, जदयूक प्रभुनाथ प्रसाद सँ आगाँ चलि रहल छथि।